

# FAFSA Lis verifikasyon pou elèv: Enfòmasyon pou rasanble

(FAFSA Student Checklist: Information to Collect)

Pou ranpli Aplikasyon gratis èd federal pou elèv (*Free Application for Federal Student Aid - FAFSA*), elèv-yo dwe mande paran-yo sèten enfòmasyon. FAFSA fè elèv-yo vin elijib pou yo resevwa èd federal, èd Leta ak èd de yon enstitisyon. Yon fwa, ou-menm ak paran rasanble enfòmasyon ki nesèsè, yon konseye *uAspire Advisor* va kapab ede-ou ranpli fòm-la. Vizite sit [www.uaspire.org](http://www.uaspire.org) pou ou aprann piplis sou pwosesis èd finansye (*financial aid* – èd pou peye kolèj) ak ki jan *uAspire* ka ede ou reyalize anbisyon ou epi fè aspirasyon kolèj pi abòdab.

## PARAN:

- Fòm deklarasyon enpo sou revni (Federal Income Tax form) ak fòm *W-2 Forms*. Soumèt fòm pi resan.
- Mwa ak ane paran ou te marye, te remarye, te separe, te divòse oswa te vèf/vèv: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_
- Paran 1: Non \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_
- Paran 2: Non \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_
- Kantite lajan ou genyen kounyea nan kont anbank ou (kont *checking* - ak kont epay): \_\_\_\_\_

## Lè sa aplikab, tanpri bay ransèyman-sa-yo:

- Lajan ou resevwa oswa peye pou sipò timoun (child support): \_\_\_\_\_
- Valè nèt ou gen kounyea nan aksyon (*stocks*), bon (*bonds*), fon konmen plasman (*mutual funds*) Plan 529 (*529 Plan*): \_\_\_\_\_
- Valè nèt envèstisman nan pwopriyete/kay ou lwe (ak pati nan kay ou, w'ap lwe kounyea): \_\_\_\_\_
- Benefis dizabilite, finanse nan leprive epi ki pa takse: \_\_\_\_\_
- Konpansasyon travayè ki pa takse: \_\_\_\_\_
- Veteran benefis ki pa edikasyonèl: \_\_\_\_\_

## Si fanmi ou resevwa benefis sa yo, tcheke kare korespondan-an:

- SSI  TANF  Food Stamps  WIC  Manje midi gratis oswa pi bon mache (Free or Reduced Price Lunch)

## Lòt enfòmasyon enpòtan:

- ★ Toude, ou-menm ak paran-ou, dwe ranpli fèy deklarasyon enpo nou, bonnè okòmansman ane a, epi nou rekòmande ou itilize pwogram E-File pou fè taks ou.
- ★ Tanpri rapòte non-yo, ekzakteman jan non-yo parèt sou kat sosyal sekirite.
- ★ Si paran ki gen gad ou (custodial parent) remarye, ou dwe rapòte sou fòm FAFSA enfòmasyon konsènan bonpè oswa bèlmè-ou.
- ★ Èske paran-ou gen yon FAFSA PIN? Si ou reponn wi, kenbe nimewo sa a, yon kote an sekirite.

## ELÈV:

- Fòm deklarasyon enpo sou revni (Federal Income Tax form) ak fòm *W-2 Forms*. Soumèt fòm pi resan.
- Kantite lajan ou genyen nan kont anbank ou kounyea (kont *checking* ak kont epay): \_\_\_\_\_
- Siyati ou (Last Name) **ekzakteman jan li parèt** sou kat sosyal sekirite ou (*Social Security Card*): \_\_\_\_\_
- Nimewo sosyal sekirite ou (verifye byen si nimewo-a kòrèk) \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_
- Kat rezidans - *Green Card*/Nimewo rezidans pèmanan - *permanent Resident number* (si ou pa yon sitwayen ameriken -sitizenn) A# \_\_\_\_\_
- Lajan ou resevwa oswa ou peye pou *child support* (lè sa aplikab): \_\_\_\_\_
- Benefis dizabilite (andikap), finanse nan leprive: (lè sa aplikab): \_\_\_\_\_

## Sample W-2

1 Control number		OMB No. 1545-0048	
This information is being furnished to the Internal Revenue Service. If you are required to file a tax return, a taxpayer penalty or other sanction may be imposed on you if this income is taxable and you fail to report it.			
2 Employer identification number		3 Social security wages	4 Social security tax withheld
5 Employer's name, address, and ZIP code		6 Medicare wages and tips	7 Medicare tax withheld
8 Employer's social security number		9 Advance EIC payment	10 Dependent care benefits
11 Nonqualified plans		12a See instructions for box 12	12b
13 SSI, TANF, WIC, etc.		14 Other	15
16 Employer's address and ZIP code		17 State income tax	18 Local income tax
19 State income tax (inc. etc.)		20 Local income tax (inc. etc.)	21

Form **W-2** Wage and Tax Statement Department of the Treasury—Internal Revenue Service

## Sample Tax Return

1040 U.S. Individual Income Tax Return 2011

Filing Status:  Single  Married filing jointly  Married filing separately  Head of household  Qualifying widow(er)


Exemptions:  Yourself  Spouse  Dependent  Other

Income:  Wages, salaries, tips, etc.  Taxable interest  Taxable dividends  Capital gains or losses  Other income

Adjusted Gross Income: \_\_\_\_\_

Tax: \_\_\_\_\_

## Financial Aid Timeline



**CSS/Profile - CCS/Pwofil:** Kèk kolèj prive kapab mande ou prezante obligatwaman fòm-sa-a, jan sa endike nan sit [www.collegeboard.org](http://www.collegeboard.org). CSS/Profile bay kolèj -yo enfòmasyon detaye sou sityasyon finansye ou ak sityasyon finansye fanmi ou. Rapò pwofil va ede yo detèminen jan pou distribye èd enstitisyon vle ofri w.

- ★ **Aplike:** Premye oktòb 2014 oswa apre (tcheke sit-la pou konnen delè chak kolèj akòde) nan sit Entènèt [www.collegeboard.org/profile](http://www.collegeboard.org/profile)
- ★ **Frè (cost):** \$25 pou premye lekòl-la, \$16 pou chak lekòl adisyonnèl (ale nan sit collegeboard.org pou w konnen nan ki sityasyon yo kapab egzante ou peye frè)
- ★ **Dokiman ak papye ki nesèsè:** Enfòmasyon pi resan sou taks/salè, revni, ou-menm ak paran ki gen gad ou (*custodial paran*), envèstisman, montan lajan ou gen nan kont anbank ou (kont *checking* ak kont epay), enfòmasyon sou paran ki pa gen gad ou (*non-custodial parental*), enfòmasyon sou mògèj (ipotèk)/lwaye, enfòmasyon sou biznis, elatriye.

**Aplikasyon gratis pou èd federal elèv - Free Application for Federal Student Aid (FAFSA):** Tout kolèj ak plizyè pwogram teknik ekzije ou soumèt fòm-sa-a. Aplikasyon gratis èd federal pou elèv (FAFSA) se yon aplikasyon pou èd finansye (*financial aid*) ou kapab resevwa de gouvènman-an, epi fòm-la obligatwa pou yo pran an konsiderasyon nenpòt èd federal oswa èd finansye Leta bay, anplis fon enstitisyon kapab bay. *Financial aid* se èd pou peye kolèj.

- ★ **Aplike:** Premye janvyè, 2015, oswa apre (pou èd finansye, premye moun ki aplike, premye moun ki sèvi ) nan sit [www.fafsa.gov](http://www.fafsa.gov)
- ★ **Frè (Cost):** Gratis!
- ★ **Dokiman ak papye ki nesèsè:** Enfòmasyon pi resan sou taks/salè, revni, ou-menm ak paran ki gen gad ou (*custodial parent*), envèstisman ou fè, kont anbank (kont *checking*-ak kont epay), etc.

**Student Aid Report** (Rapò èd pou elèv): Se rezime tout enfòmasyon ou te rapòte sou fòm FAFSA ou te soumèt-la; rezime-a va enkli kontribisyon antisipe lafanmi, *Expected Family Contribution (EFC)*. Lè fòm *Student Aid Report* vin disponnib, kèk jou apre ou soumèt fòm FAFSA, revwa fòm *Student Aid Report* ak anpil atansyon, si sa nesèsè, pote koreksyon, mete ajou enfòmasyon sou taks 2014 ou, avèk zouti estraksyon done IRS ([IRS Data Retrieval Tool](#)) pou transfere dirèkteman nouvo enfòmasyon sou fòm FAFSA ou, epi ou kapab menm ajoute non lòt kolèj. **Li enpòtan pou ou revwa rapò SAR ou, avèk konseye uAspire Advisor!**

**Verifikasyon:** Kolèj-yo kapab ekzije ou soumèt dokiman adisyonnèl pou konfime enfòmasyon ou te rapòte sou fòm èd finansye-ou (*financial aid forms*). Paegzanp, yo kapab mande ou prezante transkrip ofisyèl deklarasyon taks (*Official Tax Return Transcripts*); prèv sitwayènète (sitizenn), dokimantasyon gad legal (*legal guardianship*) (si se nesèsè), elatriye. Òf èd finansye ap rete ankou, annatandan ou soumèt, nan delè, tout dokimantasyon kolèj-la ekzije. **Konplete verifikasyon ositoke posib, ASAP!**

**Fòm èd finansye enstitisyon ofri - Institutional Financial Aid Forms:** Kèk kolèj va ekzije ou ranpli fòm èd finansye pa-yo. Yo kapab swa voye fòm-sa-yo ba-ou oswa ou kapab jwenn yo nan Entènèt. Retounen fòm-la dirèkteman nan kolèj-la. Si ou pa fin twò konnen ki kolèj (plizyè kolèj) ki ekzije fòm adisyonnèl, ou kapab vizite sit wèb lekòl-la (oswa sit chak lekòl), kontakte biwo èd finansye (Financial Aid Office) oswa vizite konseye *uAspire Advisor*-ou. Tcheke tou avèk chak kolèj pou w konnen si dosye èd finansye-ou konplèt.

**Lèt òf èd finansye - Financial Aid Award Letter**: Yon fwa yo asepte ou nan yon kolèj, epi ou konplete tout etap (demach) anwo-a, kolèj-la va voye ba-ou yon **financial aid award letter** (lèt òf èd finansye). Lèt-sa-a va enfòme ou sou montan èd finansye ou va resevwa si ou chwazi ale nan kolèj sa. ***Ou ta dwe revwa epi konpare tout lèt, award letters, ou resevwa anvan ou fè yon depozit – ale wè konseye uAspire Advisor!***

Tanpri sonje pwosesis èd finansye va kontinye jouk diran ete avèk lòt etap (demach) ou dwe konplete! Depatman oryantasyon uAspire louvri diran lete pou ede ou. Tanpri voye yon imel bay konseye *uAspire Advisor* –ou si ou gen keksyon.